

Tablo Kouran Entènèt lan

Chanje fason ou sèvi ak kouran epi desann bòdwo w la plis toujou.



Pran kontwòl ak **Tablo Kouran Entènèt** ou an

Gade pou w wè ki kantite kouran w itilize chak mwa, chak jou oswa chak èdtan

Èske se pa nou tout ki ta renmen gen yon gwo pouwva? Tablo Kouran Entènèt pèsonalize w la ba w pouwva pou w wè ki kantite kouran w itilize e pou w dekouvri kèk nouvo fason pou fè ekonomi sou bòdwo kouran w lan. Ou pa bezwen tann fen mwa a rive pou wè konbyen w ap depanse pou kouran. Pran bonjan desizyon nan domèn kouran pou desann bòdwo w la anvan w resevwa l.

Pran kontwòl ak **Tablo Kouran Entènèt** ou an

Gade pou w wè ki kantite kouran w itilize chak mwa, chak jou oswa chak èdtan

Pran desizyon ki entelijan nan domèn kouran

AVANTAJ TABLO KOURAN ENTÈNÈT LAN POTE AK FASON POU ITILIZE LI

Avantaj Tablo Kouran Entènèt lan pote

Jodi a, Tablo Kouran Entènèt ou an ba w plis kontwòl sou konsomasyon kouran w ak bòdwo w pase anvan.

- » Gade pou w wè ki kantite kouran w itilize chak mwa, chak jou oswa chak èdtan¹
- » Fè previzyon ak bidjè sou kouran w pral itilize a

» Konprann diferan faktè ki afekte bòdwo w, tankou tanperati ki deyò a, epi pran desizyon apati enfòmasyon sa yo

Epi tou, ou ka wè jan chanjman w pote nan domèn efikasite nan kay la ka redui bòdwo w grasa konsèy fasil nou yo pou ekonomize kouran. FPL.com/tips

Ki jan pou itilize Tablo Kouran Entènèt ou a

Aksede ak Tablo Kouran Entènèt ou a

Ale sou FPL.com epi antre non itilizatè w ak modpas ou nan zòn "Account Log In". Si w poko enskri, jis klike sou "Register for Online Access." W ap bezwen nimewo kont FPL ou, yon adrès imèl ak kat dènye chif nan nimewo sekirite sosyal ki makònen ak kont lan.

Aprè w fin konekte, gen twa fason w kapab jwenn Tablo Kouran an:

- » Depi paj akèy la, chwazi "view my Energy Dashboard" nan meni dewoulan ki rele "Quick Links"
- » Klike sou navigasyon kont ki anlè paj la epi chwazi "Energy Dashboard"
- » Nan seksyon "Account Summary" a, fè paj la desann epi klike sou lyen "Visit Energy Dashboard"

A Gade konsomasyon kouran w pou chak mwa

- » Èske gen de lè w itilize plis kouran nan ane a? Pa egzanp, nan sezon ete, lè tanperati ki deyò a pi wo, èkondisyon w lan oblije travay plis tan pou kenbe menm tanperati a anndan kay la.
- » Si w pase souri a sou ba yo, w ap kapab wè:
 - Peryòd faktirasyon an
 - Kantite bòdwo a
 - Kouran w itilize a (kWh ki faktire)
 - Tanperati mwayèn ki pi wo nan mwa a

B Gade konsomasyon kouran w pou chak jou

- » Èske w konsome plis kouran nan wikenn? Grasa tablo sa a, w ap kapab wè ki kantite kouran w itilize chak jou pandan yon peryòd faktirasyon.
- » Klike sou nenpòt ba ki koulè vèt pou wè konsomasyon kouran an chak jou.
- » Ba ki koulè pèch yo se wikenn epi ba ki koulè vèt yo se jou lasemèn. Si w pase souri a sou ba yo, w ap kapab konnen:
 - Jou/dat la pandan peryòd faktirasyon an
 - Anviwon konbyen kòb kouran an koute w
 - Kouran w itilize a (kWh ki konsome)
 - Tanperati ki pi wo nan jounen an (liy ki wouj)

C Gade konsomasyon kouran w pou chak èdtan

- » Klike sou nenpòt ba pou wè konsomasyon kouran an a pou chak èdtan.
- » Èske w konsome plis kouran nan maten oswa pi ta nan jounen an? Grasa tablo sa a, w ap kapab wè ki kantite kouran w itilize chak èdtan pandan yon jou.
- » Si w pase souri a sou ba yo, w ap kapab wè:
 - Lè a
 - Kouran w itilize a (kWh ki konsome)
 - Anviwon konbyen kòb kouran an koute w
 - Tanperati pou chak èdtan

Nou ba w enfòmasyon detaye pou chak èdtan kòm yon zouti pou ede w suiv kantite kouran w ap konsome a e pou ede w pi byen itilize kouran pandan jounen an.

D Gade mwayèn pousantaj imidite ki pi wo oswa ki pi ba

E Gade konsomasyon kouran an \$ oswa an kWh

F Gade mwayèn tanperati yo

G Gade bòdwo mwa pase a ak konbyen kòb kouran w deja itilize pou mwa sa a selon konsomasyon kouran an, epi gade estimasyon bòdwo mwa k ap vini an

H Konpare konsomasyon kouran w oframezi tan ap pase

- » Klike sou "Compare Now"
- » Chwazi peryòd ou ta renmen konpare a. Men opsyon w yo:
 - Youn oswa plizyè peryòd faktirasyon. Pa egzanp, mas 2014 jis fevriye 2015 konpare ak mas 2013 jis fevriye 2014
 - Yon peryòd 30 jou
 - Yon jou ak yon lòt jou
- » Chwazi dat yo nan "Date Range" ak "Compare To"
- » Klike sou "Update Graph"
- » Mwayèn tanperati yo ap afiche

¹ W ap ka aksede ak enfòmasyon w yo apre yon jounen. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan seksyon FAQ sou Tablo Kouran Entènèt ou a.

My Energy Usage



Welcome, John Smith

User ID: johnS@email.com

Account Number: 0123456789 [Select Another Account](#)

Energy Usage Information

Use this graph to view your energy usage for the selected period. Select from the tools below to customize the graph. Choose a tab to change the selected view.



X = Missing Data

Your Account at a Glance

Bill Account: 0123456789
Service Address:
Billing Type: ACTUAL READING/TESTING
Billing Period: Mar.
Bill Reading:
of Service Days: 30
Total Electric Charges: \$95.99
More Info

Bill Projection

Last Month's Bill: \$95.99	Your Bill To Date: \$80.21
Your Projected Bill: \$93.25	
More Info	

Usage Comparison

Comparing your current and previous kWh usage and demand by yearly review

Learn even more about your energy usage by comparing monthly, daily or hourly time periods to each other.

[Compare Now](#)

Usage Comparison

Compare your energy usage using two different date or time ranges.

[Print](#) [Close](#)

Select the dates you want to view below to learn even more about your energy usage by comparing monthly, daily or hourly time periods to each other.

One or more billing periods **A 30-day period** One day with another day

Date Range: From: MAR, 2014 To: FEB, 2015

Compare To: From: MAR, 2013 To: FEB, 2014


[Update Graph](#)
[Close](#)

Ou gen lòt kesyon toujou?

Ekspè kouran nou yo ka ede w. Jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nou yo ki ka ede w ekonomize kouran sou **FPL.com**

Pou jwenn dènye enfòmasyon ak dènye konsèy ak pwogram nou yo:

- » Abone w pou resevwa lèt imèl gratis nou an: **FPL.com/eNews**
- » Sipòte nou sou Facebook: **Facebook.com/FPLConnect**
- » Suiv nou sou Twitter: **@insideFPL**



RES553-1510
38885 HC